



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OTORITE TRANSPÒ METWOPOLITEN AN TE ENSTALE BARYÈ PWOTEKSYON SOU PLATFÒM NAN PLIS PASE 50 ESTASYON METWO

Daprè pwomès Gouvènè a sou Eta Leta a, MTA rete sou bon wout pou mete sou plas plis pase 100 estasyon ki gen baryè disi fen 2025

Baryè sou platfòm yo te livre pi byen, pi rapid, epi pi bon mache gras ak itilizasyon mendèv entèn transpò piblik NYC

Ankèt itilizatè yo montre ke baryè yo pèmèt majorite pasaje yo santi yo pi an sekirite

Gade foto baryè sou platfòm yo ki [disponib isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te enstale baryè pwoteksyon sou bò platfòm nan 56 estasyon metwo. Nan mitan ane 2025 la, MTA sou bon wout pou respekte angajman Gouvènè Hochul te pran nan diskou li a sou Eta Leta a an 2025, pou enstale baryè nan plis pase 100 estasyon metwo disi fen ane a. Direktiv sa a fè pati yon ansanm pi gwo inisyativ Gouvènè Hochul te anonse nan diskou li sou Eta Leta a pou pwoteje pasaje ak travayè metwo yo. MTA kontinye modènize ekleraj estasyon yo ak anpoul LED ki pi klere ak ki pi an sekirite. Kounye a, gen anpoul LED ki enstale nan 342 estasyon, e prevwa pou tout 472 estasyon metwo yo modènize disi fen ane a. Sekirite nan sistèm metwo a kontinye amelyore, ak gwo krim yo ki diminye a 3 pousan konpare ak menm peryòd la ane pase, ak prèske 10 pousan konpare nan nivo avan pandemi an.

"Sekirite Nouyòkè yo ap toujou pi gwo priyorite mwen, epi kliyan yo dwe santi yo an sekirite a chak fwa y ap pran metwo a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anba direksyon mwen, MTA te akselere enstalasyon baryè pwoteksyon sou platfòm yo, pandan y ap kontinye efò yo pou klere estasyon yo ak limyè LED epi mete kamera sekirite nan chak vagon metwo. Krim nan transpò piblik diminye an 2025, e efò sa yo pral fè sistèm metwo a vin pi an sekirite pou tout moun."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, n ap investi pou asire ke sistèm nou an pa sèlman an sekirite, men—

sa ki enpòtan menm jan — pou pasaje yo santi yo an sekirite. Avèk nouvo baryè sou platfòm yo, plizyè milye nouvo kamera sekirite MTA, ogmante deplwaman Depatman Lapolis Nouyòk (New York Police Department, NYPD) la epi diminye 10 pousan nan krim anvan COVID la, li pa etonan ke satisfaksyon kliyan ogmante yon fason espektakilè ane sa a."

Prezidan Kontriksyon ak Devlopman MTA a, Jamie Torres-Springer, te deklare, "Sa a se nouvo MTA a an aksyon: k ap travay pi byen, pi rapid, ak pi bon mache pou amelyore eksperyans pasaje yo epi asire sekirite kliyan yo. Itilizasyon mendèv entèn lan pèmèt pou redui kou yo epi akselere vitès pwojè sa a, epi nou pare pou fè plis pwogrè toujou nan dezyèm semès 2025 la."

Prezidan Transpò Piblik NYC, Demetrius Crichlow te deklare, "Kliyan yo ap di nou ke baryè sou platfòm yo fè yo santi yo pi an sekirite, e yo vle wè plis. Gras ak sipò Gouvènè Hochul, n ap enstale baryè yo rapid nan estasyon yo, ak plis pase 50 ki deja enstale epi plis pase 50 lòt ki sou wout disi fen ane a. Mwen fyè de ekip Transpò Piblik NYC pou travay enkwayab y ap fè nan entèn pou konstwi ak enstale baryè yo e m swete kontinye kenbe elan an."

Dènye ankèt pasaje yo montre ke 59 pousan nan pasaje yo vle enstale baryè pwoteksyon sou platfòm yo nan tout sistèm nan — ki gen ladan 88 pousan nan pasaje ki gen plis pase 65 ane. Majorite moun yo entèwoje yo tou fè konnen yo santi yo pi an sekirite gras ak prezans baryè sou platfòm yo nan estasyon an, epi yo kwè baryè yo ap pwoteje yo kont chit sou wout yo. Baryè sou platfòm yo konstwi epi enstale atravè mendèv entèn Transpò Piblik Vil Nouyòk (New York City Transit, NYCT) avèk machin entèn nan yon enstalasyon NYCT, sa ki pèmèt kou yo redui epi delè enstalasyon an fèt pi rapid.

Seleksyon estasyon pou pwosesis enstalasyon an ap priyoreze posibilite reyalizasyon, ki enkli estasyon ki gen pozisyon estanda pou kanpe nan segman tren **1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, F, M** ak **L** yo. Pami liy tren sa yo, y ap priyoreze estasyon ki gen pi gwo frekantasyon ak platfòm zile yo.

Estasyon sa yo gen baryè sou platfòm yo kounye a ki deja enstale:

Brooklyn:

- Clark St - **2, 3**
- Morgan Av - **L**
- Grand St - **L**
- Dekalb Av - **L**
- Halsey St - **L**
- Bushwick Av-Aberdeen St - **L**
- Myrtle-Wyckoff Avs - **L, M**
- Graham Av - **L**
- Jefferson St - **L**
- Bedford Av - **L**

- Lorimer St - L
- Wilson Av - L
- Montrose Av - L
- Eastern Pkwy-Brooklyn Museum - 2, 3
- Grand Army Plaza - 2, 3
- President St - 2, 3
- Hoyt St - 2, 3
- Beverly Rd - 2, 5
- Sterling St - 2, 5
- Winthrop St - 2, 5
- Bergen St - 2, 3

Manhattan:

- 191 St - 1
- 5 Av - 7
- 1 Av - L
- 6 Av - L
- 125 St - 4, 5, 6
- Bowery - J, Z
- Fulton St - J, Z
- Broad St - J, Z
- Canal St - J, Z
- Wall St - 2, 3
- 23 St - 6
- 125 St - 2, 3
- Central Park North-110 St - 2, 3
- 135 St - 2, 3
- Astor Place - 6
- 8 Av - L
- Bleecker St - 6
- Fulton St - 2, 3
- Spring St - 6
- 103 St - 6
- Park Place - 2, 3
- 28 St - 6
- 68 St-Hunter College - 6
- 33 St - 6
- 96 St - 6
- 77 St - 6
- 145 St - 1
- Grand Central-42 St - 7
- Christopher St-Stonewall - 1

Queens:

- Flushing-Main St - 7
- 46 St - M, R

- 67 Av - **M, R**
- 75 Av - **E, F**
- Woodhaven Blvd - **M, R**
- Jamaica Center-Parsons Blvd-Archer Av - **E, J, Z**

Manm Asanble Alex Bores te deklare, "Baryè pwoteksyon sou bò platfòm yo sove lavi. Anplis li bay yon kote ki an sekirite pou moun kanpe, baryè yo rasire pasaje yo epi ankouraje transpò pasaje yo; e yon sistèm metwo ki gen anpil moun se yon sistèm ki pi an sekirite. Anplis de sa, baryè sou platfòm yo fasil pou enstale epi yo trè ekonomik, sa ki ede kontribyab yo pou ekonomize lajan. Mwen te defann baryè sa yo depi avan mwen te antre an fonksyon piblik, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè a paske l entegre zouti ki sove lavi sa yo nan plan konplè li pou sekirite nan metwo a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)